

# Yon Ti Piki Epi Fini...

## Pran vaksen kont epatit A.

Kantite ka epatit A yo ap ogmante –  
pran vaksen w lan jodi a.

Rele **311** oswa ale sou  
**[nyc.gov/health/clinics](https://nyc.gov/health/clinics)** pou jwenn  
kote k ap bay vaksen gratis.

**NYC**<sup>™</sup>  
Health



# Kantite ka epatit A yo ap ogmante pami gason omoseksyèl, biseksyèl ak lòt gason ki fè sèks ak gason epi ki pa vaksinen.

## Kisa yo rele epatit A?

Epatit A se yon viris ki ka donmaje fwa a.

## Kijan li simaye?

- Kontak seksyèl avèk matyè fekal (tankou lè ou bo twou dèyè) yon moun ki gen epatit A
- Manje oswa dlo ki kontamine ak matyè fekal

## Kisa sentòm yo ye?

- Lajonnis (po oswa je jòn)
- Fatig
- Gwo malvant
- Kè plen
- Dyare

## Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen?

- Si ou se yon gason ki fè sèks avèk gason, **pran vaksen kont epatit A.**
- Si ou panse li posib pou w gen epatit A, pwofesyonèl medikal ou a ka verifye gras a yon tès san.

Rele **311** oswa ale sou [nyc.gov/health/clinics](https://nyc.gov/health/clinics) pou jwenn kote k ap bay vaksen gratis.